



Fich Enfòmasyon pou Paran ak Pasyan yo



MIIS la se yon nouvo sistèm ki nan tout eta a ki pèmèt nou konsève dosye vaksinasyon pou ou ak pou w fanmi w. Dosye sa yo gen lis vaksinasyon (vaksen) ou menm ak timoun ou yo te pran pou w pwoteje w kont lawoujòl, varisèl, tetanòs, ak lòt maladi. Objektif li se pou asire l tout moun nan Massachusetts pran vaksen yo alè epi dosye yo disponib lè yo bezwen l – pa egzanp lè timoun ou a ap rantre lekòl, lè w bezwen èd medikal an ijans, oswa lè ou chanje moun ki bay swen sante.

Kisa MIIS la ye?

- Yon sistèm enfòmasyon ki ap kolekte ak estoke enfòmasyon debaz sou vaksinasyon pou moun k ap viv nan Massachusetts.
- Yon sistèm ki san danje epi ki konfidansyèl, jan lalwa Massachusetts egzije l.
- Yon sistèm ki disponib pou moun ki gen tout laj, li pa sèlman pou timoun yo.

Kòman li pral ede m?

MIIS la:

- Ede ou menm ak fanmi w jwenn pi bon swen sante kèlkeswa kote ou ale pou swen sante ou a.
- Asire w ou menm ak timoun ou yo pa rate okenn vaksen oswa pa pran twòp.
- Kapab enprime yon dosye pou ou oswa timoun ou yo lè w bezwen l – si w ap deplase, si doktè ou a ap pran retrèt, oswa lè timoun ou a ap kòmanse ak lekòl oswa yon kan.
- Sipòte aksè atravè My Vax Records Patient Portal. Pasyan yo ka mande aksè a vaksen yo ak SMART Health Card nan MIIS sou demann.

Poukisa li enpòtan?

Jan ou konnen l, kalandriye pou vaksen ki nesèsè pou kenbe w an sante kapab vrèman konplike. MIIS la:

- Ede moun ki bay swen sante ou a pou li kapab konnen ki vaksen ou dwe pran epi kilè li dwe bay li.
- Kenbe ansanm tout dosye sou vaksinasyon ou yo pou ou, pou fanmi w, ak pou moun ki bay swen sante ou a.
- Bay yon prèv vaksinasyon pou timoun ou yo.
- Ede prevwa epidemi maladi tankou lawoujòl ak grip nan kominote ou a.
- Konsève dosye vaksinasyon yo pandan katastwòf natirèl tankou inondasyon oswa siklòn.



Ki enfòmasyon yo konsève sou MIIS la?

- Yon vaksen ou menm oswa timoun ou yo te resevwa ansanm ak nenpòt vaksen ou menm oswa timoun ou a ap gen pou pran nan tan k ap vini yo.
- Enfòmasyon ki nesese pou kapab gen yon vaksinasyon ki sèten epi ki vrè pou chak pasyan tankou:
 - » Non konplè ak dat nesans.
 - » Sèks (gason oswa fi).
 - » Non jèn fi manman an (pou timoun yo).
 - » Adrès ak nimewo telefòn
 - » Biwo Pwofesyonèl kote yo bay chak vaksen.

Kòman enfòmasyon sa yo rantre anndan sistèm lan?

- Yo ajoute enfòmasyon sou timoun yo lè yo fèt oswa lè li pran premye dòz vaksen li.
- Moun ki bay swen sante ou a kapab ajoute dosye ou yo oswa dosye fanmi ou a si li pa t sou MIIS la deja.

Kiyès ki gen aksè ak dosye mwen yo?

- Depatman Sante Piblik (Department of Public Health, DPH) itilize teknoloji modèn pou asire l tout enfòmasyon ki rantre nan MIIS la rete an sekirite ak konfidansyèl.
- Enfòmasyon ki nan MIIS la disponib sèlman pou:
 - » Moun ki bay swen sante oswa lòt moun ki la pou asire yo vaksinasyon an fèt yon fason ki apwopriye, jan DPH la otorize l.
 - » Lekòl yo.
 - » Komite Sante Lokal.
 - » DPH li gen ladan l pwogram WIC la, ak lòt ajans oswa pwogram nan eta a ki fè edikasyon ak sansibilizasyon sou vaksen pou kliyan yo.
 - » Plan Sante pou amelyorasyon to vaksinasyon ak efò nan amelyorasyon kalite pou manm chak plan
 - » Etid Komisè Sante Piblik la apwouve espesyalman, epi ki reponn ak garanti jiridik ki estrik yo.

Kisa pou m fè si mwen pa vle yo pataje enfòmasyon mwen yo?

- Ou gen dwa pou limite kiyès ki kapab wè enfòmasyon ou yo.
- Pou limite kiyès ki kapab wè enfòmasyon ou yo, ou bezwen ranpli fòm 'Objeksyon oswa Retrè Objeksyon pou pataje Done' ou kapab jwenn nan men moun ki bay swen sante ou a.
- Si ou deside limite kiyès ki kapab wè enfòmasyon ou yo, moun ki bay swen sante ou genyen aktyèlman an ap kapab wè vaksen yo te ba ou oswa yo te bay timoun ou a, men li ka pa kapab wè istwa konplè vaksinasyon ou a.
- Si ou deside limite kiyès ki kapab wè enfòmasyon ou yo, ou p ap gen aksè ak tout avantaj MIIS la, tankou pataj dosye vaksinasyon avèk lekòl ak sal ijans yo, ak yon dosye konplè pou vaksen yo ki yon sèl kote.
- Ou kapab chanje lide (deside pou pataje oswa pou w pa pataje enfòmasyon ou yo) nenpòt kilè.

Kòman mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Tanpri vizite sitwèb nou an nan www.mass.gov/dph/miis, voye yon imèl ba MyVaxRecords@mass.gov oswa mande founisè swen sante w pou plis enfòmasyon.